



## **Kat Fason pou Ankouraje Elev yo Poze Kesyon**

### ***Four 4 Ways to Encourage Students to Ask Questions***

*By Emma Chiappetta*

Lè yo konsidere pwòp kesyon yo se yon pati entegral nan klas, elèv yo jwenn plis enterè nan travay pou jwenn repons.

*When exploring their own questions is an integral part of class, students get more invested in working to find answers.*

Antanke enstriktè, nou eseye fè kontni nou an pou gen rapò ak elèv nou yo. Entèkansyon kenbe elèv yo motive epi ede yo transfere nouvo konesans yo nan kontèks ki enpòtan nan lavi kouran yo. Lè nou bay elèv yo opòtinite pou poze kesyon sou kontni an, nou kite yo fè travay la pou yo kreye koneksyon sa yo. Otomatikman kesyon yo pèmèt yo gen rapò pèsònèl ak sa yo ap aprann nan.

*As teachers, we strive to make our content relevant to our students. Relevance keeps students motivated and helps them transfer their new knowledge to contexts that are important to their daily lives. By giving students the opportunity to ask questions about the content, we let them do the work to create those connections. Their questions automatically allow them to personally relate to what they are learning.*

### **KESYON KOM REVELASYON QUESTIONS AS REVELATIONS**

Lè elèv yo poze kesyon, pwofesè yo jwenn yon avètisman nan konesans yo genyen deja sou yon sijè. Kesyon yo ekspozè sa yo konnen epi ede nou jwenn nivo egzak yo. Elev yo kwense lè yo konfwonte ak travay ki depase nivo yo nan kapasite epi yo anwiye lè travay la twò fasil. Anjeneral kesyon yo endike egzakteman kote yo ye.



*When students ask questions, teachers get a glimpse into their prior knowledge with a topic. Their questions expose what they know and help us find that just-right level of challenge. Students shut down when they are confronted with work that is beyond their level of capability and get bored when the work is too easy. Their questions usually indicate exactly where they are.*

Kesyon elèv yo ede nou diferansye ki baz enterè yo chak. Entèwogasyon yo ekspoze ki pati nan kontni an ke yo vle konsidere pi fon. Nou ka bay elèv yo opòtinite pou yo konsantre enèji sa sou enterè yo, plis pou ranfòse motivasyon ak transfè konesans lan. *Student questions also help us differentiate based on their interests. Their wonderings expose the parts of the content that they want to explore more deeply. We can give students the opportunity to focus that energy on their interests, further boosting motivation and the transfer of knowledge.*

Gen bon rezon ki pou fè nou kwè ke lè elèv yo poze kesyon nan kòmansman yon nouvo sijè oswa nosyon, yo pral aprann epi kenbe kontni an pi byen. Pandan yo ap aprann, yo chèche repons, kenbe lespri yo angaje prensipalman nan devore nouvo enfòmasyon. Rechèch yo pwouve ke lè yo antisipe yon repons, sa demare yon pati nan sèvo a ki ede nou fòme souvni ki pi fon, pi long, ki dire pi lontan. *There is good reason to believe that when students ask questions at the beginning of a new topic or unit, they will learn and retain the content better. As they learn, they seek answers, keeping their minds engaged and primed to eat up new information. Research proves that the act of anticipating an answer kick-starts a part of the brain that helps us form deeper, longer-lasting memories.*

With all of these benefits in mind, how can we create a culture of curiosity and help students ask more questions?

#### **4 ESTRATEJI POU ANKOURAJE KESYON ELEV YO** **4 STRATEGIES TO PROMOTE STUDENT QUESTIONS**

1. Prezante bagay ki pou fè yo reflechi. Lè yon bagay etranj oswa nou pa abitye wè l, ensten imen nou an dwe anvi konnen. Mwen te prezante tou rezilta matematik ki ka siprann, tit jounal, prèv ki gen anpil fot, ak itilizasyon istorik pou pouse yo reflechi. Men, ou ka jwenn bagay ki pwovoke panse nan nenpòt disiplin. Gade desen ki sou politik, Videyo viral (apwopriye) YouTube oswa TikTok, rezilta syantifik sanzatann, mizik, ak plis ankò.

*Present thought-provoking prompts. When something is surprising or unusual, our human instinct is to be curious. I have also presented surprising mathematical results, news headlines, flawed proofs, and historical uses to prompt question-asking. But you can find thought-*

*provoking prompts in any discipline. Look to political cartoons, viral (appropriate) YouTube or TikTok videos, unexpected scientific findings, songs, and more.*

2. Selebren chak kesyon. Lè elèv yo poze kesyon, felisite yo! Mwen renmen fè yon gwo eskandal ak bon kesyon yo, mwen kanpe kou a epi fè elèv la repete kesyon an pou tout klas la. Lè sa a, nou gen yon diskisyon sou sa. Nou ekri kesyon yo sou kat endèks yo epi afiche yo sou yon miray ki ekri "Mwen mande". Elèv mwen yo pran fyète lè gen kesyon yo ki te ajoute nan miray la.

*Celebrate every question. When students ask questions, celebrate them! I like to make a big deal out of good questions by stopping class and having the student repeat the question to the group. Then we have a class discussion about it. We write their questions on index cards and post them on the "I Wonder" wall. My students take pride in having their question added to the wall.*

3. Vire kesyon yo nan moman ansèyman. Nan kou estatistik mwen an, yon elèv te poze yon kesyon sou yon bagay li remake sou fason done yo prezante nan yon atik nou li. Klas la annantye gade li, epi nou te eseye replike prezantasyon an soti nan done yo anvan tout koreksyon. Li te mennen mwen 'nan diskite, yon sijè ke mwen pa te planifye pou prezante pou semèn nan. Aprantisaj la kole paske li te enpòtan nan moman sa a.

*Turn questions into teachable moments. In my statistics class, a student asked a question about something he noticed about the way data was presented in an article we read. The whole class looked at it, and we tried to replicate the presentation from the raw data. It led me to discuss, a topic that I wasn't planning to present for weeks. The learning stuck because it was relevant in that moment.*

4. Ede elèv yo poze pi bon kesyon. Modèl kesyon-mande tèt ou. Depi lè mwen montre elèv yo yon èd memwa, mwen sèvi ak li kòm yon eleman nan pwosesis poze kesyon. Yo wè kiryozi mwen, epi li enspire yo pou poze plis kesyon. Yo menm tou yo kòmanse wè ki kalite kesyon ke nou ka poze, epi li ba yo plis lide. Ou kapab itilize tou yon pwotokòl tankou Question Formulation Technique pou ede elèv ou yo konprann ak evalye diferan kalite kesyon.

*Help students ask better questions. Model question asking yourself. When I show students a prompt, I make it a point to participate in the question-asking process. They see my curiosity, and it inspires them to ask more questions. They also start to see the types of questions that we can ask, and it gives them more ideas. You can also use a protocol like the Question Formulation Technique to help your students understand and value different types of questions.*

Kreye yon kilti nan kiryozi ak demann pa bezwen pran tan siplemantè nan kourikoulòm ou. Ou ka senpleman prezante yon èd memwa enspiran chak fwa

pandan yon ti tan epi kite kiryozi elèv yo kouri sovajman. Si se èd memwa a ki gen rapò ak kontni ou a epi ou ka bati sou li, bel bagay! Si se pa sa, ou ka toujou jwenn ji kreyatif elèv yo k ap koule. Sa fè yo konnen ke lekòl la se yon espas kote kesyon yo byen akeyi epi yo nesesè pou aprann.

*Creating a culture of curiosity and wonder does not need to take up extra time in your curriculum. You can simply present an inspiring prompt every once in a while and let students' curiosity run wild. If the prompt is related to your content and you can build on it, wonderful! If not, you can still get students' creative juices flowing. This lets them know that school is a space where questions are welcomed and integral to learning.*



### **Misyon Nou**

Kontinye Fè Gran Aktivite an Ayiti

### **Konsenan Nou**

Haitian Advanced Learning Opportunities se yon ministè kreyen 501 (c)(3) san objektif pou fè lajan (non likratif) an ayiti. Objektif nou se ede pli jenn ak granmoun ke nou kapab ale lekòl segondè, lekòl profesyonèl ak inivèsite. Nou finanse frè ekolaj yo atravè biznis piblikasyon ak enprimri ke nou genyen an Ayiti.

Sèvi ak HALO lè ou bezwen enprime pou a anplwaye ayisyen yo, mete lajan nan ekonomi lokal la, ankouraje alfabetizasyon an Ayiti epi edike anpil timoun.

Nou pibliye Super Teacher Worksheets gratis selman pou ede pwofese ayisyen yo amelyore enstriksyon nan klas yo. Epi nou pibliye anpil liv timoun pou achte. Yo genyen leson moral ak espirityèl ke profesè ak paran yo ka itilize pou bay sajès, pasyans, jantiyès, jenewozite, fidelite ak plis lot bagay anko pou nouvo jenerasyon Ayisyen an. Ou kapab wè li konplè sou sit entènèt nou an.

### **Our Mission**

Continue the Great Commission in Haiti

### **About Us**

Haitian Advanced Learning Opportunities is a 501(c)(3) nonprofit Christian ministry in Haiti. Our goal is to send as many young adults as we can to high school, trade school, and college. We fund the tuition costs through our publishing and printing business in Haiti.

Using HALO for your printing needs employs Haitians, puts money into the local economy, promotes literacy in Haiti and educates many.

We publish these free Super Teacher Worksheets solely to help Haitian teachers improve their instruction. We also publish children's books for purchase. They contain moral and spiritual lessons that teachers and parents can use to instill wisdom, patience, kindness, generosity, faithfulness and more into the future generation of Haiti. You can see the complete list at our website.

[www.halolearning.org](http://www.halolearning.org)

Haitian Advanced Learning Opportunities, Inc.  
6150 - 202nd Street North  
Forest Lake, MN 55025

Haitian Advanced Learning Opportunities, Inc.  
#44 Rue Balmir, Delmas 83  
Pòtoprens, Ayiti